УДК 811.352.3
DOI: 10.31007/2306-5826-2020-4-1-47-67-74

## СУБЪЕКТ, ОБЪЕКТ IУЭХУЦIЭХЭМ АДЫГЭБЗЭМ ЩХЬЭКIЭ ЗЭРЫЩЫЗАХЪУЭЖЫМ ХЭЛЪ НЭЩЭНЭХЭР

**БищIо Борис Чэмал и къуэ**, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием и Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм и щIэныгъэ лэжьакIуэ пашэ, bizhoev1952@mail.ru

Статьяр теухуащ адыгэбзэм и субъект, объект IуэхуцIэхэм щхьэкIэ зэрызахъуэжым дэплъагъу нэщэнэ щхьэхуэхэр хэIущIыIу къэщIыным. Къыхыдогъэщ езы щхьэхъуэжыр адыгэ IуэхуцIэхэм зэраIэр ди бзэр дуней псом бзэуэ тетыр мыхъуми абыхэм я нэхъыбапIэм емыщхь зыщI гъэщIэгъуэнагъ нэхъыщхьэхэм зэращыщыр. Мис абы къыхокI а къэхъугъэр утыку къихьэным, лъэныкъуэ куэдкIэ ар зэпкърыхыным адыгэ бзэщIэныгъэджым имызакъуэу лингвистикэм и теорием дежкIи мыхьэнэшхуэ иIэныр.
Мы лэжьыгъэм щызэпыдолъыт IуэхуцIэхэмрэ ахэр къызытепщIыкI лэжьыгъэцIэхэмрэ я щхьэхъуэжыр, апхуэдэ щIыкIэкIи нэIурыт къыдощI а IуэхугъуэмкIэ ахэр зэрызэтехуэмрэ зэрызэщхьэщыкIымрэ. Апхуэдэ зэпкърыхыныгъэм угъэлъагъу адыгэбзэ IуэхуцIэр адрей цIэхэм яхуэдэ хъуами, абы уха гъэпсыкIэ зиIэ лэжьыгъэцIэм и зыхъуэжыкIэри къызэрыхуэнэр, абыхэм нэхъыщхьэу яхэтщ нэгъуэщI бзэхэм я IуэхуцIэхэм ядомылъагъу щхьэхъуэжыныр.

**Зэрыгъуэзэн псалъэхэр**: щхьэхъуэж, парадигматикэ, IуэхуцIэ, щхьэзакъуэ лэжьыгъэцIэхэр, щхьэбагъэ, благъэ объект, закъуэ бжыгъэ, мыхьэнэбагъэ.

IуэхуцIэм щхьэхъуэж иIэныр дэ бзэ дызыщыгъуазэхэм ящыщу зыми ядэдмылъагъу нэщэнэу адыгэбзэм хэлъщ. Арауэ къыщIэкIынущ мы Iуэхугъуэр адыгэбзэм елэжьхэм ямызакъуэу нэгъуэщI бзэщIэныгъэлI зыбжанэми яфIэгъэщIэгъуэну щIаджар. Дэри зыкъом щIащ IуэхуцIэхэм гулъытэ хуэтщIын зэредгъажьэрэ [Бижоев 1991, Бижоев 2005]. Мы статьяр зытеухуа субъект, объект IуэхуцIэхэм я щхьэхъуэжыныр къыщхьэщокI ахэр къызытепщIыкI лэжьыгъэцIэ ухахэм ейм. Нэхъапэм къыдэкIа ди грамматикэхэм языхэзым абы теухуауэ итыр мыращ: «Субъект, объект IуэхуцIэхэм щхьэкIэ зыщахъуэжкIэ, япэрейхэм зэрызахъуэжыныр объектым и щхьэмкIэщ, етIуанэхэм – субъектым ейхэмкIэщ [Грамматика 1970: 186]. Ауэ мыбы жиIэр гъэтэмэмыпхъэщ. IуэхуцIэр зыхуэгъэза цIэр щхьэи бжыгъи зимыIэ *зы-* лъабжьэпэмкIэ къызэрыгъэлъэгъуар е ар къызэрымыгъэлъагъуэххар Iуэхум къыхэплъытэмэ, гурыIуэгъуэщ субъект IуэхуцIэм субъектым и щхьэхэмкIэ, благъэ-объект IуэхуцIэми благъэ-объектым и щхьэхэмкIэ зэрызамыхъуэжынур, адэкIи апхуэдэурэ. Ауэ зи псалъэ къэтхьам Iуэхум къыхилъытакъым IуэхуцIэ гъэпсыкIэм объект зыбжанэ хэтынкIэ зэрыхъунур. Апхуэдэхэм деж IуэхуцIэм зэрызимыхъуэжыр езыр зэхьэлIа объектым и щхьэхэмкIэщ, адрей объектхэм я щхьэхэмкIэ абы зехъуэж [Бижоев 1991: 34].

IуэхуцIэхэм щхьэкIэ зэрызахъуэжым къэдгъэлъэгъуам имызакъуэу нэгъуэщI гъэщIэгъуэнагъхэри ядыболъагъу, ахэр къызытекIа лэжьыгъэцIэхэм я ухуэкIэм

елъытауэ. Абы къыхэкІкІэ ІуэхуцІэхэм я щхьэ гъэпсыкІэ парадигматикэр адэкІэ нэхъ убгъуауэ къыщыдгъэлъэгъуэнущ.

**1.** Зы щхьэ зиІэ лэжьыгъэцІэ лъэмыІэсхэм къатекІа субъект ІуэхуцІэхэм щхьэкІэ захъуэжыркъым. Псалъэм папщІэ, *щытыр* ІуэхуцІэм, *щытын* лэжьыгъэцІэм къытекІам, щхьэ зэхэгъэж иІэкъым.

**2.** ЩхьитІ зиІэ лэжьыгъэцІэ лъэмыІэсхэм къатекІа субъект, объект ІуэхуцІэхэм зы щхьэкІэ захъуэж:

1) Субъект ІуэхуцІэхэм мыблагъэ объектым и щхьэкІэ захъуэж. ИщІагъымкІэ къыщокІуэ *хуэкІуэн* щхьитІ зиІэ лэжьыгъэцІэ лъэмыІэсым къытещІыкІа *хуэкІуэр* субъект ІуэхуцІэм щхьэкІэ зэрызихъуэж парадигмэр: *сэ с-хуэкІуэр, уэ п-хуэкІуэр, абы хуэкІуэр, дэ т-хуэкІуэр, фэ ф-хуэкІуэр, абыхэм я-хуэкІуэр.*

ЗэхьэлІа цІэм (субъектым) и бжыгъэр куэд бжыгъэм и лъабжьэужь *хэ*-кІэ къэбгъэлъагъуэ мэхъури, абы парадигмэ ищхьэкІэ къыщыхьам хуэдитІкІэ зрегъэубгъу: *сэ с-хуэкІуэ-хэ-р, уэ п-хуэкІуэ-хэ-р,* адэкІи апхуэдэурэ.

2) ЩхьитІ зиІэ лэжьыгъэ лъэмыІэсхэм къатекІ мыблагъэ-объект ІуэхуцІэхэм субъектым и щхьэхэмкІэ захъуэж. Еплъ а лэжьыгъэцІэ дыдэм (*хуэкІуэн*) къытепщІыкІ мыблагъэ-объект ІуэхуцІэ *зы-хуэкІуэр* жыхуиІэм: *сэ сы-зыхуэкІуэр, уэ у-зыхуэкІуэр, ар зыхуэкІуэр, дэ ды-зыхуэкІуэр, фэ фы-зыхуэкІуэр, ахэр зыхуэкІуэр.*

ЗэхьэлІа цІэм (мыблагъэ объектым) и бжыгъэр лъабжьэужь -*хэ*-кІэ къэбгъэлъагъуэ мэхъу: *сэ сы-зыхуэкІуэ-хэ-р, уэ у-зыхуэкІуэ-хэ-р,* н.къ.

ЩхьитІ зиІэ лэжьыгъэцІэ лъэмыІэсхэм къатепщІыкІ ІуэхуцІэ гуп языныкъуэхэм я зыхъуэжыкІэм ищхьэкІэ къыщыхьахэм къащхьэщызыгъэкІ нэщэнэ гуэрхэр ядыболъагъу. Псалъэм папщІэ, *дэкІуэн* («зыгуэрым щІыгъуу кІуэн»), *гуэсын* лэжьыгъэцІэхэм хуэдэхэм къагъэхъу ІуэхуцІэхэр къэтщтэнщ. Абыхэм къатекІ субъект ІуэхуцІэхэм я нэщэнэщ мыблагъэ объектым и щхьэхэмкІэ зыщахъуэжкІэ унэтІыныгъэ лъабжьэпэ *къы*- къазэрыхэувэр: *сэ къы-з-дэкІуэр, уэ къы-б-дэкІуэр,* н.къ.[Бижоев 2005: 110].

Щхьэхуэу къытеувыІапхъэщ *есын, етІысэхын* лэжьыгъэцІэхэм хуэдэхэм къатепщІыкІ ІуэхуцІэ гупым. Апхуэдэ лэжьыгъэцІэхэм я нэщэнэщ я парадигмэхэр щызу зэрыщымытыр. Абыхэм яІэкъым объектым и япэ, етІуанэ щхьэ гъэпсыкІэхэр. Ар и щыхьэтщ абыхэм я зэхэлъыкІэр зыхъуэжыныгъэ гъуэгу зэрытетым, н.ж. ахэр хуокІуэ зы щхьэ зиІэ лэжьыгъэцІэ лъэмыІэс хъуным. Абыхэм къатекІа субъект ІуэхуцІэхэм объектым и щхьэмкІэ захъуэжыркъым, н.ж. я зыхъуэжыкІэр ещхьщ зы щхьэ фІэкІа зимыІэ лэжьыгъэцІэ лъэмыІэсхэм къагъэхъу субъект ІуэхуцІэхэм я зыхъуэжыкІэм: *есыр* субъект ІуэхуцІэм щхьэ зэхэгъэж иІэкъым. НэгъуэщІ зы лъэныкъуэкІи лэжьыгъэцІэ дызытепсэлъыхь лІэужьыгъуэм къатокІ объект ІуэхуцІэхэр, зы щхьэ фІэкІа зимыІэ лэжьыгъэцІэ лъэмыІэсхэм апхуэдэ ядумылъагъуми: *зэ-сыр*. Мы объект ІуэхуцІэм субъектым и щхьэхэмкІэ зэрызихъуэж парадигмэ ирикъу иІэщ: *сэ сы-зэсыр, уэ у-зэсыр, ар зэсыр, дэ ды-зэсыр, фэ фы-зэсыр, ахэр зэсыр.*

Объект ІуэхуцІэ къызэрыхуэгъэщІым *есын* лэжьыгъэцІэр гъунэгъу хуещІ щхьитІ зиІэ лэжьыгъэцІэ лъэмыІэсхэм. Ауэ абы щыгъуэми къэгъэлъэгъуапхъэщ дызытепсэлъыхь лэжьыгъэцІэ лІэужьыгъуэм щыщ псо дыдэми объект ІуэхуцІэ къазэрытемыкІыр. Елъыт, псалъэм папщІэ, *ешын, еплъэкІын*, н.къ. Мыхэр ипэжыпІэкІэ зы щхьэ фІэкІа зимыІэ лэжьыгъэцІэ хъуахэщ, мыблагъэ объектым и лъабжьэгъусэ *е*-р мыбыхэм этимологие и лъэныкъуэкІэ фІэкІа къахэбгъэщыжыфыркъым [Кумахов 1971: 275].

**3.** Щхьищ зиІэ лэжьыгъэцІэ лъэмыІэсхэм къатекІ ІуэхуцІэхэм щхьитІкІэ захъуэжыпхъэт. АрщхьэкІэ, адэкІэ зэрытлъагъунущи, абыхэм я парадигмэм куэд къыхуэтщ.

1) Субъект ІуэхуцІэхэм мыблагъэ объектхэм я щхьэхэмкІэ захъуэж. Еплъ *дежьэн* лэжьыгъэцІэм къытекІа *дежьэр* ІуэхуцІэм:

а) япэ мыблагъэ объектым и щхьэмкIэ: *сэ абы къы- з-дежьэр, уэ абы къы-б-дежьэр, абы абы къыдежьэр, дэ абы къы-д-дежьэр, фэ абы къы-в-дежьэр, абы-хэм абы къ- а-дежьэр;*

б) *дежьэр* IуэхуцIэм хуэдэхэм етIуанэ мыблагъэ объектым и щхьэхэмкIэ захъуэжыркъым. ЕтIуанэ мыблагъэ объектым ейуэ бзэм хэтыр ещанэ щхьэм и гъэпсыкIэ маркерыншэ закъуэрщ: *къыдежьэр* 1) «абы щIыгъуу абы ежьэр»; 2) «абы щIыгъуу абыхэм ежьэр». «Абы щIыгъуу сэ къызэжьэр», «абы щIыгъуу уэ къожьэр», н.къ. IуэхуцIэ гъэпсыкIэхэр зэрыщымыIэм къыхэкIыу апхуэдэ мыхьэнэхэр кърагъэлъагъуэу бзэм ирипсалъэхэм къагъэсэбэп япэ мыблагъэ объектым и щхьэхэмкIэ хъуэжа зэрыхъу парадигмэм щыщ гъэпсыкIэхэр. Псалъэм папщIэ, *къыздежьэр* IуэхуцIэ гъэпсыкIэр къагъэсэбэпынкIэ хъунущ «абы щIыгъуу сэ къызэжьэр» мыхьэнэри иIэу.

Бжыгъэр дапщэщи -*хэ* лъабжьэужькIэ къэгъэлъэгъуа зэрымыхъум къыхэкIыу субъектымрэ объектымрэ я ещанэ щхьэм деж закъуэ, куэд бжыгъэхэр щызэщхьэщыкIа хъуркъым. Абы къешэ субъект-объект гъэпсыкIэхэм убгъуауэ омоним къагъэхъуныр, еплъ *къыздежьар* 1) «сэ къысщIыгъуу абы ежьар»; 2) «сэ къысщIыгъуу абыхэм ежьар»; 3) «сэ къысщIыгъуу абы ежьахэр»; 4) «сэ къысщIыгъуу абыхэм ежьахэр».

2) Щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм къагъэхъу япэ мыблагъэ-объект IуэхуцIэр зэхъуэкIа хъупхъэщ субъектымрэ етIуанэ мыблагъэ объектымрэ я щхьэхэмкIэ:

а) субъектым и щхьэхэмкIэ: *сэ абы сы-зыдежьэр, уэ абы у-зыдежьэр, ар абы зыдежьэр, дэ абы ды-здежьэр, фэ абы фы-здежьэр, ахэр абы-зыдежьэр;*

б) щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм къатепщIыкI мыблагъэ-объект IуэхуцIэхэм етIуанэ мыблагъэ-объектым и щхьэхэмкIэ захъуэжыркъым. ЕтIуанэ мыблагъэ объектым ейуэ бзэм хэтыр ещанэ щхьэм и гъэпсыкIэ маркерыншэ закъуэщ – *зыдежьэр*. Субъектымрэ объектымрэ я бжыгъэр инэхъыбэм лъабжьэужькIэ къызэрамыгъэлъагъуэм къыхэкIыу мы гъэпсыкIэм омоним къегъэхъу – контекстым хэмытмэ мы къэкIуэну мыхьэнэхэр иIэнкIэ хъунущ: 1) «ар абы зи гъусэу ежьэр»; 2) «ахэр зи гъусэу абы ежьэхэр»; 3) «ар абыхэм зи гъусэу ежьэр»; 4) «ахэр зи гъусэу абыхэм ежьэр»; 5) «ар зи гъусэхэу абы ежьэр»; 6) «ар зи гъусэхэу абыхэм ежьэр»; 7) «ахэр зи гъусэхэу абы ежьэхэр»; 8) «ахэр зи гъусэу абыхэм ежьэр».

**4.** ЩхьиплI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм къагъэщI IуэхуцIэхэм зэрызахъуэж парадигмэр щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэхэм къатекI IуэхуцIэхэм елъытауэ нэхъыбэж хущощIэ [Бижоев 2005: 114]. Еплъ *фIыдеплъын* лэжьыгъэцIэм къытекI субъект, мыблагъэ-объект IуэхуцIэхэм я щхьэ гъэпсыкIэхэм я парадигмэм:

1) Субъект IуэхуцIэ *фIыдеплъыр* жыхуиIэр зэхъуэкIа мэхъу мыблагъэ объектым и щхьэхэмкIэ: *с-фIыдеплъыр, п-фIыдеплъыр, фIыдеплъыр, т-фIыдеплъыр, ф-фIыдеплъыр, я-фIыдеплъыр.*

2) Мыблагъэ-объект IуэхуцIэ *зыфIыдеплъыр* жыхуиIэм субъектымрэ зы мыблагъэ объектымрэ я щхьэхэмкIэ зехъуэж:

а) субъектым и щхьэхэмкIэ: *сы-зыфIыдеплъыр, у-зыфIыдеплъыр, зыфIыдеплъыр, ды-зыфIыдеплъыр, фы-зыфIыдеплъыр, зыфIыдеплъыр;*

б) мыблагъэ-объектым и щхьэхэмкIэ: *зы-с-фIыдеплъыр, зы-п-фIыдеплъыр, зыфIыдеплъыр, зы-т-фIыдеплъыр, зы-ф-фIыдеплъыр, з-а-фIыдеплъыр.*

ЩхьиплI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэмыIэсхэм къатепщIыкI субъект, мыблагъэ-объект IуэхуцIэхэм я парадигмэм зебгъэубгъу хъунущ, субъектымрэ объектымрэ я куэд бжыгъэр лъабжьэгъусэкIэ къэбгъэлъагъуэкIэрэ. Еплъ, псалъэм папщIэ, *с-фIыдеплъыр* субъект IуэхуцIэм: *с-фI-а-деплъыр – с-фIыдеплъ-хэ-р – с-фI-а-деплъ-хэ-р*; мыблагъэ-объект IуэхуцIэм: *сы-зыфIыдеплъыр – сы-зыфIыдеплъ-хэ-р – с-а-зыфIыдеплъыр – с-а-зыфIыдеплъ-хэ-р; зы-с-ыфIыдеплъыр – зы-с-фIыде-плъ-хэ-р*, н.къ.

Къэгъэлъэгъуапхъэщ куэд бжыгъэм и лъабжьэгъусэ -*хэ*-м а зы гъэпсыкIэм, контекст зыхэтым елъытауэ, щхьэ зэхуэмыдэхэм я бжыгъэ къигъэлъэгъуэнкIэ

зэрыхъунур. Еплъ, псалъэм папщІэ, мыблагъэ-объект ІуэхуцІэм и гъэпсыкІэхэм я мыхьэнэхэм: *сызыфІыдеплъхэр* 1) «абы щІыгъуу абы зыфІэмыфІхэу сеплъыр»; 2) «абы щІыгъуу абыхэм зыфІэмыфІу сеплъыр»; *зысфІыдеплъхэр* 1) «сэ сфІэмыфІу ахэр абы щІыгъуу зэплъыр»; 2) «сэ сфІэмыфІу ар абы щІыгъуу зэплъхэр»; 3) «сэ сфІэмыфІу ар абы щІыгъуу зэплъхэр». Абы нэмыщІкІэ, къэтхьа гъэпсыкІэ дэтхэнэми *-хэ* лъабжьэгъусэм зэуэ къыщигъэлъэгъуэнкІэ хъунущ щхьитІми я куэд бжыгъэ, н.ж. *сазыфІыдеплъхэр* ІуэхуцІэ гъэпсыкІэм, ар щапхъэу къатщтэмэ, иджыри иІэнкІэ хъунущ «сэ абыхэм ящІыгъуу абыхэм зыфІэмыфІхэу сеплъыр» мыхьэнэр, *зысфІыдеплъхэр* ІуэхуцІэ гъэпсыкІэм – «ахэр абы щІыгъуу сэ сфІэмыфІу зэплъхэр» мыхьэнэр, н.къ.

**5.** Щхьэ закъуэ лэжьыгъэцІэ лъэІэсхэм къатепщІыкІ субъект ІуэхуцІэхэр щхьэкІэ зэхъуэкІа хъуркъым. Псалъэм папщІэ, *зытхьэщІын* зы щхьэ зиІэ лэжьыгъэцІэ лъэІэсым къытекІа *зы-зытхьэщІыр* ІуэхуцІэм щхьэхъуэж иІэкъым.

**6.** ЩхьитІ зиІэ лэжьыгъэцІэ лъэІэсхэм къагъэхьу ІуэхуцІэхэр зы щхьэкІэ зэхъуэкІа мэхъу. Къэдгъэлъэгъуэнщ *хьын* лэжьыгъэцІэм къытекІ ІуэхуцІэхэм я парадигмэр.

1) Субъект ІуэхуцІэхэр зэхъуэкІа мэхъу благъэ объектым и щхьэхэмкІэ:

*сэ сы-зыхьыр, уэ у-зыхьыр, ар зыхьыр, дэ ды-зыхьыр, фэ фы-зыхьыр, ахэр зыхьыр.*

Субъектым и щхьэ бжыгъэр *-хэ* лъабжьэгъусэкІэ къэгъэлъэгъуа мэхъу, еплъ: *сызыхьыр – сызыхь-хэ-р, дызыхьыр – дызыхь-хэ-р*, н.къ.

2) Благъэ-объект ІуэхуцІэхэм захъуэж субъектым и щхьэхэмкІэ: *сэ с-хьыр, уэ п-хьыр, абы и-хьыр, дэ т-хьыр, фэ ф-хьыр, абыхэм я-хьыр.*

Благъэ объектым и щхьэ бжыгъэр *-хэ* лъабжьэгъусэкІэ къэбгъэлъагъуэ мэхъу, еплъ: *схьыр – схьы-хэ-р, тхьыр – тхьы-хэ-р,* н.къ.

**7.** Щхьищ зиІэ лэжьыгъэцІэ лъэІэсхэм къатепщІыкІ ІуэхуцІэхэм я щхьэхъуэж парадигмэр, адрей ІуэхуцІэ гупхэм елъытауэ, нэхъ щызщ. Зэрыхабзэу, апхуэдэ субъект ІуэхуцІэми, объект ІуэхуцІэми щхьитІкІэ захъуэж.

1) Субъект ІуэхуцІэр зэхъуэкІа мэхъу благъэ объектымрэ мыблагъэ объектымрэ я щхьэхэмкІэ. Къэтхьынщ *хуэшэн* лэжьыгъэцІэм къытепщІыкІ субъект ІуэхуцІэр щхьэкІэ зэхъуэкІа зэрыхъу парадигмэр.

а) благъэ объектым и щхьэхэмкІэ: *сэ абы сы-хуэзышэр, уэ абы у-хуэзышэр, ар абы хуэзышэр, дэ абы ды-хуэзышэр, фэ абы фы-хуэзышэр, ахэр абы хуэзышэр.*

Мы парадигмэм фІыуэ зебгъэубгъуфынущ субъектымрэ мыблагъэ объектымрэ я щхьэ бжыгъэр къэбгъэлъагъуэкІэрэ, еплъ: *сы-хуэзышэр – сы-хуэзышэ-хэ-р – с-а-хуэзышэр – с-а-хуэзышэ-хэ-р*, н.къ.

б) мыблагъэ-объектым и щхьэхэмкІэ: *ар сэ къы-с-хуэзышэр, ар уэ къы-п-хуэзышэр, ар абы къыхуэзышэр, ар дэ къы-т-хуэзышэр, ар фэ къы-ф-хуэзышэр, ар абыхэм къ-а-хуэзышэр.*

Субъектым и щхьэ бжыгъэр *-хэ* лъабжьэгъусэкІэ къагъэлъагъуэ, еплъ: *къысхуэзышэр – къысхуэзышэ-хэ-р*, н.къ. Лъабжьэгъусэ *-хэ*-м япэ, етІуанэ щхьэхэм я деж къигъэлъэгъуэнкІэ хъунущ субъектым нэмыщІ благъэ объектым и куэд бжыгъэри, е а тІум я куэд бжыгъэри зэуэ, н.ж. *къысхуэзышэхэр* ІуэхуцІэ гъэпсыкІэр къапщтэмэ, контекст зыхэтым елъытауэ абы мыхьэнэ зэмылІэужьыгъуищ иІэнкІэ хъунущ: 1) «ар сэ си деж къэзышэхэр», 2) «ахэр сэ си деж къэзышэр», 3) «ахэр си деж къэзышэхэр».

2) Щхьищ зиІэ лэжьыгъэцІэ лъэІэсхэм къатекІ мыблагъэ-объект ІуэхуцІэхэр зэхъуэкІа мэхъу субъектымрэ благъэ объектымрэ я щхьэхэмкІэ.

а) субъектым и щхьэхэмкІэ: *сэ ар зыхуэ-с-шэр, уэ ар зыхуэ-п-шэр, абы ар зыху-и-шэр, дэ ар зыхуэ-т-шэр, фэ ар зыхуэ-ф-шэр, абыхэм ар зыху-а-шэр.*

Мыблагъэ объектым и щхьэ бжыгъэр *-хэ* лъабжьэгъусэкІэ къагъэлъагъуэ, еплъ: *зыхуэсшэр – зыхуэсшэ-хэ-р,* н.къ. [Кабардино-черкесский язык 2006: 306].

Благъэ объектым и щхьэ бжыгъэр къэгъэлъэгъуакъыми, ищхьэкІэ къыщыхьа парадигмэм и дэтхэнэ сатырэри мыхьэнитІу къыбгурыІуэ мэхъу, еплъ: *зыхуэсшэр* 1) «ар зыхуэсшэр», 2) «ахэр зыхуэсшэр».

Мы гъэпсыкIэм хуэдэхэм -*хэ* лъабжьэгъусэм, контекстым елъытауэ, къыщигъэлъэгъуэнкIэ хъунущ мыблагъэ объектым и щхьэ бжыгъэм имызакъуэу благъэ объектым и бжыгъэри, уеблэмэ, а тIуми я куэд бжыгъэри зэуэ, н.ж. *зыхуэсшэр* гъэпсыкIэм мыхьэнэ зэмыщхьищ иIэну хузэфIокI: 1) «сэ ар зи деж сшэхэр», 2) сэ ахэр зи деж сшэр», 3) сэ ахэр зи деж сшэхэр».

б) благъэ объектым и щхьэхэмкIэ: *абы сэ сы-зыхуишэр, абы уэ у-зыхуишэр, абы ар зыхуишэр, абы дэ ды-зыхуишэр, абы фэ фы-зыхуишэр, абы ахэр зыхуишэр.*

Щхьэхъуэж парадигмэм зебгъэубгъу хъунущ субъектымрэ мыблагъэ объектымрэ я щхьэ бжыгъэр къэбгъэлъагъуэкIэрэ, еплъ: *сызыху-и-шэр – сызыху-и-шэ-хэ-р – сызыху-а-шэр – сызыху-а-шэ-хэ-р,* н.къ.

3) Щхьищ зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэм къатепщIыкI благъэ-объект IуэхуцIэхэм захъуэж субъектымрэ мыблагъэ объектымрэ я щхьэхэмкIэ:

а) субъектым и щхьэхэмкIэ: *сэ абы хуэ-с-шэр, уэ абы хуэ-п-шэр, абы абы ху-и-шэр, дэ абы хуэ-т-шэр, фэ абы хуэ-ф-шэр, абыхэм абы ху-а-шэр.*

Благъэ объектым и щхьэ бжыгъэр -*хэ* лъабжьэгъусэкIэ къагъэлъагъуэ, еплъ: *хуэсшэр – хуэсшэ-хэ-р*, н.къ.

Мыблагъэ объектым и куэд бжыгъэр лъабжьэгъусэ *я*-(*йа*-)-кIэ къагъэлъагъуэ: *хуэсшэр – я-хуэсшэр*, н.къ.

б) благъэ объектым и щхьэхэмкIэ: *сэ абы къы-с-хуишэр, уэ абы къы-п-хуишэр, абы абы къыхуишэр, дэ абы къы-т-хуишэр, фэ абы къы-ф-хуишэр, абыхэм абы къ-а-хуишэр.*

Субъектымрэ благъэ объектымрэ я бжыгъэр къэбгъэлъагъуэурэ парадигмэ ищхьэкIэ къыщыхьам и дэтхэнэ сатырэми хэпщIыкIыу зебгъэубгъуфынущ, еплъ: *къысху-и-шэр – къысху-и-шэ-хэ-р – къысху-а-шэр – къысху-а-шэ-хэ-р*, н.къ.

**8.** ЩхьиплI, щхьитху зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсхэм къагъэхъу IуэхуцIэхэм я щхьэхъуэж парадигмэхэр къанэ щIагъуэ щымыIэу зэтохуэ. Абы къыхэкIкIэ ахэр кърибгъэлъэгъуэн папщIэ ирикъунущ *детын* щхьиплI зиIэ лэжьыгъэцIэ лъэIэсым къытекI субъект, объект IуэхуцIэхэр щхьэкIэ зэхъуэкIа зэрыхъур къэдгъэлъагъуэмэ [Кабардино-черкесский язык 2006: 307].

1) *Дезытыр* субъект IуэхуцIэм благъэ, мыблагъэ объектхэм я щхьэхэмкIэ зехъуэж:

а) благъэ объектым и щхьэхэмкIэ: *сэ абы сы-дызыритыр, уэ абы у-дызыритыр, ар абы дызыритыр, дэ абы ды-дызыритыр, фэ абы фы-дызыритыр, ахэр абы дызыритхэр.*

Субъектым, япэ, етIуанэ мыблагъэ объектхэм я бжыгъэр лъабжьэгъусэкIэ къэгъэлъэгъуа мэхъу, еплъ:

1) субъектым и щхьэ бжыгъэр: *сыдызыр-и-тыр – сыдызыр-а-тыр,* н.къ.

2) япэ мыблагъэ объектым и щхьэ бжыгъэр: *с-ы-дызыритыр – с-а-дызыритыр*, н.къ.

3) етIуанэ мыблагъэ объектым и щхьэ бжыгъэр: *сыдызыритыр – сыдызырит-хэ-р*, н.къ.

ЖьэрыIуатэбзэм -*хэ* лъабжьэгъусэм къыщигъэлъэгъуэнкIэ хъунущ етIуанэ мыблагъэ объектым нэмыщI япэ мыблагъэ объектым и бжыгъэри (ар *а*- лъабжьэпэкIэ къэмыгъэлъэгъуамэ), язынықъуэкIэ мыблагъэ объектитIми я куэд бжыгъэр зэуэ къигъэлъэгъуэнри хэлъщ.

б) япэ мыблагъэ объектым и щхьэхэмкIэ: *абы сэ ар къыдызы-з-итыр, абы уэ ар къыдызы-у-итыр, абы абы ар къыдызыритыр, абы дэ ар къыдызы-д-итыр, абы фэ ар къыдызы-в-итыр, бы абыхэм ар къадызыритыр.*

Адрей щхьэхэм я бжыгъэри къыхэбгъэщмэ, парадигмэм хэт дэтхэнэми оппозицэ сатырхэр къегъэхъу, еплъ: *зыритыр – къыдызырит-хэ-р – къыдызыр-а-тыр, къыдызыр-а-т-хэ-р,* н.къ.

в) етIуанэ мыблагъэ объектым и щхьэхэмкIэ: *абы сэ ар къы-з-дызыритыр, абы уэ ар къы-б-дызыритыр, абы абы ар къыдызыритыр, абы дэ ар къы-д-дызыритыр, абы фэ ар къы-в-дызыритыр, абы абыхэм ар къадызыритыр.*

Ипэ ита парадигмэм ещхьу мыбдежи оппозицэ сатырхэр къыщохъу, еплъ: *къыздызыритыр – къыздызырит-хэ-р – къыздызыр-а-тыр – къыздызыр-а-т-хэ-р*, н.къ.

2) *Дыритыр* благъэ-объект IуэхуцIэр субъектымрэ мыблагъэ объектымрэ я щхьэхэмкIэ зэхъуэкIа мэхъу:

а) субъектым и щхьэхэмкIэ: *сэ абы абы де-с-тыр, уэ абы абы де-п-тыр, абы абы абы дыр-и-тыр, дэ абы абы де-т-тыр, фэ абы абы де-ф-тыр, абыхэм абы абы дыр-а-тыр.*

Благъэ объектым и куэд бжыгъэр -*хэ* лъабжьэужькIэ къэгъэлъэгъуа мэхъу, еплъ: *дестыр – дест-хэ-р*, н.къ.

б) япэ мыблагъэ объектым и щхьэхэмкIэ: *абы сэ абы къыды-з-итыр, абы уэ абы къыды-у-итыр, абы абы абы къыдыритыр, абы дэ абы къыды-д-итыр, абы фэ абы къыды-в-итыр, абы абыхэм абы къ-а-дыритыр.*

Благъэ объектым и куэд бжыгъэр -*хэ* лъабжьэгъусэкIэ къэгъэлъэгъуа мэхъу, еплъ: *къыдызитыр – къыдызит-хэ-р*, н.къ.

Субъектым и куэд бжыгъэри апхуэдэу къэбгъэлъагъуэ мэхъу: *къыдыз-и-тыр – къыдыз-а-тыр,* н.къ.

в) етIуанэ мыблагъэ объектым и щхьэхэмкIэ: *абы абы сэ къы-з-дыритыр, абы абы уэ къы-б-дыритыр, абы абы абы къыдыритыр, абы абы дэ къы-д-дыритыр, абы абы фэ къы-в-дыритыр, абы абы абыхэм къ-а-дыритыр.*

3) *Зыдыритыр* мыблагъэ-объект IуэхуцIэр субъектым, благъэ объектым, етIуанэ мыблагъэ объектым я щхьэхэмкIэ зэхъуэкIа мэхъу:

а) субъектым и щхьэхэмкIэ: *сэ абы ар зыде-с-тыр, уэ абы ар зыде-п-тыр, абы абы ар зыдыр-и-тыр, дэ абы ар зыде-т-тыр, фэ абы ар зыде-ф-тыр, абыхэм абы ар зыдыр-а-тыр.*

Мыблагъэ объектым и куэд бжыгъэр -*хэ* лъабжьэгъусэмкIэ къагъэлъагъуэ, еплъ: *зыдестыр – зыдест-хэ-р*, н.къ. Ауэ къэгъэлъэгъуапхъэщ -*хэ* лъабжьэгъусэм мыпхуэдэхэм щыгъуэ мыблагъэ объектым нэмыщI адрей щхьэхэми я бжыгъэр къигъэлъэгъуэнкIэ зэрыхъунур. Апхуэдэ щIыкIэкIэ *зыдестхэр* IуэхуцIэ гъэпсыкIэм мы къэкIуэну мыхьэнэхэр иIэнкIэ хъунущ: 1) «сэ абы ар зи гъусэхэу естыр», 2) «сэ абы ахэр зи гъусэу естыр», 3) «сэ абыхэм ар зи гъусэу естыр». Лъабжьэгъусэ -*хэ*-м зэуэ щхьитIми, щхьищми я куэд бжыгъэ къигъэлъэгъуэнкIэ зэрыхъунур Iуэхум къыхэплъытэмэ, ищхьэкIэ къыщыхьа гъэпсыкIэм мыхьэнэуэ иIэнкIэ хъунур куэдкIэ нэхъыбэщ [Бижоев 2005: 127].

б) благъэ объектым и щхьэхэмкIэ: *абы абы сэ сы-дызыритыр, абы абы уэ у-зыдыритыр, абы абы ар зыдыритыр, абы абы дэ ды-зыритыр, абы абы фэ фы-зыдыритыр, абы абы ахэр зыдырит-хэ-р.*

Адрей щхьэхэм я бжыгъэхэри къэгъэлъэгъуа зэрыхъум и фIыгъэкIэ мы парадигмэм хэт дэтхэнэми оппозицэ сатырхэр къегъэхъу, еплъ, псалъэм папщIэ: *сы-зыдыр-и-тыр – сы-зыдыр-и-т-хэ-р – с-а-зыдыр-и-тыр – сы-зыдыр-а-тыр*, н.къ. Лъабжьэгъусэ -*хэ*-р мыбдежи щымыхьэнэбэщ – *сызыдыритхэр* гъэпсыкIэм, контекст зыхэтым елъытауэ, мыпхуэдэ мыхьэнэхэр иIэнкIэ хъунущ: а) «абы сэ абы зи гъусэхэу сыритыр»; 2) «абы сэ абы зи гъусэу сыритыр»; 3) «абы сэ абыхэм зи гъусэхэу саритыр». Ещанэ щхьэ гъэпсыкIэм деж благъэ субъектым и бжыгъэр къыщыбгъэлъагъуэ мэхъури, мыбдеж -*хэ* лъабжьэгъусэм благъэ объектым и бжыгъэри къыщегъэлъагъуэ, еплъ: *зыдыритхэр* «абы ахэр абы зи гъусэу иритыр».

в) етIуанэ мыблагъэ объектым и щхьэхэмкIэ: *абы сэ ар къызыды-з-итыр, абы уэ ар къызыды-у-итыр, абы ар къызыды-ритыр, абы дэ ар къызыды-д-итыр, абы фэ ар къызыды-в-итыр, абы абыхэм ар къ-а-зыдыритыр.*

Адрей щхьэхэми я бжыгъэхэр къэбгъэлъагъуэ зэрыхъум и хьэкъкIэ парадигмэм и сатырхэм зебгъэубгъу мэхъу, еплъ, псалъэм папщIэ: *къызыды-з-и-тыр – къызыды-з-и-т-хэ-р – къызыды-з-а-тыр,* н.къ. [Бижоев 2005: 129].

КъызэрызэщIэткъуэЖ гупсысэхэр мыращ. Япэрауэ, адэгэбзэ IуэхуцIэм щхьэхъуэж зэриIэм гу зэрылъатэрэ икIи зэрелэжьрэ зыкъом щIами, мы Iуэхугъуэм ехьэлIа лъэныкъуэ псори мызыгъуэгукIэ наIуэ къащIауэ пхужыIэнукъым. IуэхуцIэхэм я зэхэлъыкIэм елъытауэ абыхэм щхьэкIэ зэрызахъуэжым яхэлъ щхьэхуэныгъэхэм нэхъ гупсэхуу кIэлъыплъыпхъэщ. ЕтIуанэрауэ, IуэхуцIэхэмрэ ахэр къызытекI лэжьыгъэцIэ ухахэмрэ я зыхъуэжыкIэр зэбгъапщэкIэрэ гъэщIэгъуэн гуэрхэр сэтей къыпхуэщIынущ. Ещанэрауэ, IуэхуцIэ щхьэхъуэжыр бзэ куэдым ядомылъагъу нэщэнэу щыщыткIэ, ар джыным лингвистикэ теорием и дежкIи мыхьэнэ щиIэкIэ, адыгэбзэм елэжь щIэныгъэлIхэм мыбы дяпэкIи я нэIэ трагъэтыпхъэщ.

## ЕIуэлIапхъэхэхэр

1. *Бижоев Б.Ч.* Причастие в адыгских языках в сравнительном освещении. Нальчик: Нарт, 1991. 152 с.

2. *Бижоев Б.Ч.* Грамматические и лексико-фразеологические проблемы кабардино-черкесского языка. Нальчик: Эль-Фа, 2005. 352 с.

3. *Грамматика* кабардино-черкесского литературного языка. М.: Наука, 1970. 216 с.

4. *Кабардино*-черкесский язык в 2-х т. Т. 1. Создание письменности, фонетика и фонология, морфология и синтаксис. Нальчик: Издательский центр Эль-Фа, 2006. 549 с.

5. *Кумахов М.А.* Словоизменение адыгских языков. М.: Наука, 1971. 342 с.

# СПЕЦИФИЧЕСКИЕ ПРИЗНАКИ ПАРАДИГМАТИКИ СПРЯЖЕНИЯ СУБЪЕКТНЫХ И ОБЪЕКТНЫХ ПРИЧАСТИЙ В КАБАРДИНО-ЧЕРКЕССКОМ ЯЗЫКЕ

**Бижоев Борис Чамалович**, доктор филологических наук, ведущий научный сотрудник сектора кабардино-черкесского языка, Институт гуманитарных исследований – филиал Федерального государственного бюджетного научного учреждения «Федеральный научный центр «Кабардино-Балкарский научный центр Российской академии наук» (ИГИ КБНЦ РАН), kbigi@mail.ru

Статья посвящена выявлению особенностей изменения по лицам субъектно-объектных причастий в кабардино-черкесском языке. Подчеркивается тот факт, что сама возможность адыгских причастий иметь парадигматику спряжения является уникальной спецификой адыгских языков, отличающей их если не всех языков мира, то от их подавляющего большинства. Именно это обуславливает важность описания и подробного анализа подобного явления не только для адыговедения, но и для теории лингвистики. В работе сопоставляются парадигмы спряжения причастий и глаголов, от которых они производятся, и таким путем наглядно демонстрируются сходства и расхождения между ними в этой области. Подобный анализ позволяет сделать вывод о том, что причастия в адыгских языках, приобретая признаки имени, в то же время во многом сохраняют и свойства исходных для них финитных глаголов, и в их числе важнейшим является спряжение.

**Ключевые слова**: спряжение, парадигматика, причастие, одноличные глаголы, полиперсонализм, прямой объект, единственное число, многозначность.

# SPECIFIC CHARACTERISTICS OF THE PARADIGMATICS OF CONJUGATION OF SUBJECT AND OBJECT INVOLVES IN THE KABARDINO-CIRCASSIAN LANGUAGE

**Bizhoev Boris Chamalovich**, Doctor of Philology, Leading Research Scientist, Department of Kabardino-Circassian Language of the Institute of humanitarian researches – Affiliated Federal State Budgetary Scientific Establishment «Federal Scientific Center «Kabardian-Balkarian Scientific Center of the Russian Academy of Sciences» (IHR KBSC RAS), bizhoev1952@mail.ru

The article is devoted to identifying the features of the change in the subjects of subject-object participles in the Kabardino-Circassian language. The fact is emphasized that the very possibility of the Adyghe participles to have the conjugation paradigmatics is a unique specificity

of the Adyghe languages, which distinguishes them, if not all languages of the world, then from their overwhelming majority. This is what determines the importance of describing and analyzing such a phenomenon in detail not only for Adygology, but also for the theory of linguistics. The work compares the conjugation paradigms of the participles and the verbs from which they are derived, and in this way the similarities and differences between them in this area are clearly demonstrated. Such an analysis allows us to conclude that participles in the Adyghe languages, while acquiring the signs of a name, at the same time largely retain the properties of the original finite verbs for them, and among them the most important is conjugation.

**Keywords**: conjugation, paradigmatics, participle, one-person verbs, polypersonalism, direct object, singular, polysemy.

DOI: 10.31007/2306-5826-2020-4-1-47-67-74